bu nit ki bëggee mbokkam na ko wax ne da koo bëgg

Jële nañu ci Miqdaat Doomi Mahdii-karib -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- mu wax ne: "bu nit ki bëggee mbokkam na ko wax ne da koo bëgg".

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy ca Al-kubraa, ak Ahmat]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- day leeral benn ci yiy dëgëral diggante way-gëm ñi, tey tasaare mbëggeel seen biir, te mooy bu kenn bëggee mbokkam mu wax ko ne da koo bëgg.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3017